



Paran ak Moun K ap Bay Swen,

Pwochen chapit SLL nou an se "Kominike Efektivman Youn ak Lòt". Nan chapit sa a, ptit ou a pral eksploré diferan sijè SLL ak teknik ki genyen rapò avèk konpetans sou Relasyon. Anba la a genyen yon tablo ak diferan tèm SLL nou pral pale nan chapit sa a sou kèk fason posib ou kapab ranfòse tèm sa yo lakay si w vle.

Chapit 4: Kominike Efektivman Youn ak Lòt		
Dat	Tèm ak Konpetans SLL	Kesyon Posib pou Diskisyon ak/oswa Aktivite pou Fanmi
29 janvye – 2 fevriye	Koute avèk Atansyon & Fè Konvèsasyon  (Aptitud nan Relasyon)	<ul style="list-style-type: none"> <li>-Kijan sa ye lè yon moun ap koute ak atansyon?</li> <li>- Ki fason ou kapab montre w ap koute ak atansyon lè yon moun ap pale avèk ou?</li> <li>- Lè ou gen yon konvèsasyon, èske ou panse ou se yon pi bon odîte oswa oratè? Poukisa? Nan ki fason ou kapab amelyore kapasite sa yo?</li> <li><b>-Rakonte Istwa Angwoup:</b> Pandan aktivite sa a, ou pral pratike koute lide lòt moun epi ajoute sou yo. Yon moun kòmanse yon istwa lè li di youn oubyen de (2) fraz epi answit chak moun yon apre lòt pou kontinye istwa a lè yo ajoute sou lide dènye moun nan. Pwen an se pa di sa ou vle, men yo batí sou kòmantè anvan yo pou fè yon istwa lojik.</li> </ul>
5 fevriye - 9 fevriye	Travay Ansanm kòm yon Ekip  (Aptitud nan Relasyon)	<ul style="list-style-type: none"> <li>-Lè ou tandé mo "travay ann ekip", kisa ki vin nan tèt ou?</li> <li>-Kisa sa vle di pou ou fè pati yon ekip?</li> <li>-Ki ekip ou prefere? Ki sa ki fè yo yon ekip? Poukisa ou pi renmen yo?</li> <li><b>-Tan pou jwe Puzzle an Fanmi:</b> Konplete yon puzzle ansanm an fanmi. Poutèt kastèt pran anpil tan, sa pèmèt ptit ou ak lòt manm fanmi yo genyen opòtinite pou travay ansanm epi pratike teknik kolaborasyon ak komunikasyon.</li> <li><b>-Lyezon nan fanmi:</b> Kòm yon fanmi, fòme yon sèk epi mete men dwat ou nan mitan l. Lè sa a, pran men moun ki opoze a ou (asire w ou pa pran men ak nenpòt moun ki sou bò gòch la oswa adwat ou). Fè menm bagay la ak bò gòch ou, pwan men ak yon nouvo manm fanmi. Lè sa a, ou vle debouché ne imen ou a, asire w ou pa pèdi priz ou, oswa w ap bezwen rekòmanse. Aktivite sa a pèmèt tout moun pratike ladrès komunikasyon ak kolaborasyon yo epi pran plез!</li> </ul>
12- 16 fevriye	Semèn pou Bòn Aksyon/ Semèn Revizyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Ki kèk fason nou kapab montre zanmi ak fanmi nou yo bòn aksyon semèn sa a?</li> <li>-Ki yon bagay ou ta kapab fè semèn sa a pou montre jantiyès anvè tèt ou?</li> </ul> <p><b>Kreye Nòt ki fè Kè Kontan:</b> Pran tan an fanmi pou ekri lèt ankourajan bay yon zanmi, pwofesè, ak/oswa manm fanmi ki ta kapab itilize yon nòt enteresan semèn sa a.</p>
20- 23 fevriye	Kominikasyon avèk	-Poukisa ou panse li enpòtan pou pale pou tèt ou nan yon

	<p>konfidans (Aptitud nan Relasyon)</p>	<p>fason ki janti ak respektab, men byen fèm?</p> <p>-Kijan ou kapab pale pou tèt ou san ou pa samble ou fache, agresif oswa ap plenyen?</p> <p>-Reflechi sou yon moman kote ou kapab bezwen kominike avèk konfidans. Kisa w ta kapab di nan sityasyon sa a? Kòman ou ta kapab di sa?</p> <p><b>Devine kilès</b> Genyen diferan fason pou kominike. Kòm fanmi, jwe wol nan yon sityasyon kote yo itilize yon estil komunikasyon fache, konfidan, ak pasivite. Pa di lòt manm fanmi ki estil komunikasyon w ap itilize. Fè yo devine epi eksplike poukisa se repons sa yo bay.</p>
26 Fevriye-1 <sup>ye</sup> mas	<p>Reziste anba Presyon Negatif Kamarad yo (Aptitud nan Relasyon)</p>	<p>-Èske w genyen zanmi ki enfliyanse sa ou panse? Èske enfliyans sa yo pozitif oswa negatif?</p> <p>-Èske w fè chwa paske zanmi w nan (yo) te fè chwa sa a tou? Poukisa wi oswa poukisa non?</p> <p><b>Kisa w ta Kapab di?</b> Li senaryo sa yo ak pitit ou a epi fè li ekri oswa desine sa li ta di ak fè an repons bay kamarad li. Yon kondisip te fè yon move nòt nan tès li epi li te sipoze gen yon paran siyen li. Li pa t vle montre manman li, donk, li mande w pou imite siyati manman li. Kisa w ta kapab di pou reponn nan yon fason aktif?</p> <p>-Kèk timoun nan klas ou a ap pwopaje rimè sou youn nan zanmi w yo sou entènèt. Yo vle ou voye mesaj la bay lòt moun. Kisa w ta kapab di pou reponn nan yon fason aktif?</p> <p>-Tout zanmi w yo ap sote nan pati ki pi wo nan estrikti jwèt la nan yon pak. Y ap di ou se yon lach si w pa sote, men ou panse li danjere. Kisa w ta kapab di pou reponn nan yon fason aktif?</p>